

Lis Verifikasyon Pou Vizit Kay Doktè: Pou Fanm Ansent Ki Te Vwayaje Nan Zòn Ki Gen Zika*



Si ou ansent epi w ap vwayaje nan yon zòn ki gen Zika, fòk ou pale ak doktè ou oswa lòt pwofesyonèl swen sante, menm si ou pa santi ou malad.

Pote lis verifikasyon sa a lè w al nan randevou a pou w ka sèten ou pa bliye diskite okenn bagay enpòtan.

Men kèk sijè ak kesyon ou kapab diskite ak doktè ou oswa lòt pwofesyonèl swen sante:

- ✓ Ki lè ou te vwayaje nan yon zòn ki gen Zika?
 - » Ki kote ou te ale?
- ✓ Nan ki trimès ou te ye nan gwosès ou a lè ou te vwayaje nan zòn ki gen Zika a?
- ✓ Èske ou te gen nenpòt sentòm Zika pandan vwayaj ou a oswa nan lespas 2 semèn apre ou te retounen?
 - » Sentòm Zika nou wè pi souvan se lafyèv, gratèl, doulè nan jwenti, ak zye wouj
- ✓ Èske ou sipoze teste pou viris Zika a?
 - » Si ou gen sentòm Zika yo, fòk ou fè tès pou Zika a nan yon espas 7 jou apre sentòm yo kòmanse
 - » Nan kèk ka, si ou pa gen sentòm Zika yo, yo kapab ofri ou tès pou Zika.
- ✓ Èske ou bezwen yon sonografi?
- ✓ Èske ou bezwen yon referans pou ale kay yon espesyalis medsin pou manman ak fetis?
- ✓ Kijan ou kapab evite bay viris Zika a nan fè sèks?

* Ale sou sitwèb <http://wwwcn.cdc.gov/travel/notices/> pou dènye rekòmandasyon sou vwayaj.

Lis Resous:

Zòn ki gen Viris Zika yo: <http://wwwnc.cdc.gov/travel/page/zika-information>

Enfòmasyon Konsènan Mikwosefali: <http://www.cdc.gov/ncbddd/birthdefects/microcephaly.html>

Viris Zika ak Gwosès: <http://www.cdc.gov/zika/pregnancy/index.html>

Fanm Ansent: Kòman Pou Pwoteje Tèt ou: <http://www.cdc.gov/zika/pregnancy/protect-yourself.html>

Prevansyon Viris Zika a: <http://www.cdc.gov/zika/prevention/index.html>

Viris Zika a ak Fason yo Bay li Nan fè Sèks: <http://www.cdc.gov/zika/transmission/sexual-transmission.html>

<http://www.cdc.gov/zika>

Lang Kreyòl, Vèsyon Aksèsib: <http://www.cdc.gov/zika/pdfs/docvisit-checklist-travelpreg.pdf>

This image shows a full page of blank, lined paper. It features approximately 20 evenly spaced horizontal grey lines across the entire width of the page, providing a guide for writing. The background is a solid off-white color. There are no margins, text, or other markings present.